



# OFFICE FOR CIVIL RIGHTS

## Office for Civil Rights

U.S. Department of Health  
and Human Services

200 Independence Avenue, SW.  
H.H. Building, Room 509-F  
Washington, D.C. 20201

TELEFÒN  
1-800-368-1019

IMÈL  
[ocrmail@hhs.gov](mailto:ocrmail@hhs.gov)

TDD  
1-800-537-7697

# KONNEN DWA YO KI PWOTEJE MOUN KI GEN VIH AK SIDA YO

## Ki lwa ki pwoteje moun ki gen twoub sante sa yo kont diskriminasyon?

Seksyon 504 Lwa 1973 lan sou Reyabilitasyon ak Lwa 1990 lan sou Ameriken ki gen Andikap yo (ADA) pwoteje moun ki gen Virus Iminodefisyans Imen an (VIH) oswa Sendwom Defisyans Iminité ou Pran an (SIDA) kont diskriminasyon sou baz andikap yo. Seksyon 504 lan entèdi diskriminasyon nan men ajans sèvis swen sante ak sosyal ki resevwa fon federal. Tit II ADA a entèdi diskriminasyon nan men antite gouvènman Eta a ak lokal lan menm si yo pa resevwa asistans finansye federal. Tit II egzije gouvènman Eta ak lokal yo founi moun ki gen andikap yon opòtinite ki egal pou patisipe nan yon sèvis oswa resevwa yon avantaj apati aktivite, pwogram oswa sèvis antite yo.

Egzanp antite ki gendwa benefisyé kouvèti Seksyon 504 lan ak ADA a gen ladan yo lopital ak klinik sante, kabinè dantis, ajans sèvis sosyal, sant tretman kont dwòg ak fwaye retrèt.

Biwo pou Dwa Sivil (OCR) Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Ozetazini an (HHS) asire lajans sèvis swen sante ak sosyal yo konfòme yo ak lwa sa yo.

## Kijan lwa sa yo pwoteje moun?

Diskriminasyon gendwa rive lè yon antite mete deyò yon moun ki gen VIH pou l pa patisipe nan yon sèvis oswa refize yon avantaj bay moun lan. Si moun ki gen VIH lan respekte egzijans kalifikasyon ki esansyèl yo pou sèvis oswa avantaj lan, antite an gendwa gen obligasyon pou fè aranjman rezonab pou pèmèt moun lan patisipe. ADA a pwoteje tou lòt moun, tankou fanmi oswa zanmi, ki sibi diskriminasyon akoz asosiyasyon yo ak yon moun ki gen VIH.

Egzanp zak diskriminasyon kont moun ki gen VIH oswa SIDA yo gen ladan yo refize ba yo aksè ak sèvis sosyal ak/oswa tretman medikal, oswa pou fè sèvis ak/oswa tretman yo pran reta senpman paske moun lan gen VIH oswa SIDA.

## **Kijan pou depoze yon plent pou diskriminasyon ak Biwo pou Dwa Sivil lan (OCR)**

Si ou kwè ou oswa yon lòt moun te sibi diskriminasyon dèské ou genyen VIH, SIDA oswa yon twoub sante ki lye ak sa a nan men yon antite k ap resevwa asistans finansye nan men HHS, ou oswa reprezantan jiridik ou an gendwa depoze yon plent ak OCR. Plent yo dwe depoze nan espas 180 jou apati dat ou sipoze diskriminasyon an te fèt lan.

Ou gendwa voye yon plent ekri oswa ou gendwa ranpli epi voye Fòmilè Plent OCR lan ki disponib sou paj wèb nou an nan [www.hhs.gov/ocr](http://www.hhs.gov/ocr). Fòmilè plent lan disponib tou sou paj wèb nou an nan yon kantite lòt lang anba Enfòmasyon sou Dwa Sivil yo nan seksyon Lòt Lang yo.

Enfòmasyon ki suiv yo la dwe gen ladan yo:

- Non, adrès ak nimewo telefòn ou.
- Ou dwe siyen non ou sou tout sa ou ekri. Si ou depoze yon plent nan non yon moun — pa egzanp: mari/madanm, zanmi, kliyan, elatriye — mete non, adrès, nimewo telefòn ak deklarasyon relasyon ou ak moun sa a.
- Non ak adrès enstitisyon oswa ajans ou kwè ki diskrimine an.
- Kilè, kijan ak poukisa ou kwè diskriminasyon an te rive.
- Nenpòt lòt enfòmasyon ki enpòtan.

Si ou voye plent lan nan lapòs, asire ou pou voye I nan atansyon manadjè reyjonal biwo reyjonal OCR ki apwopriye an. OCR gen dis biwo reyjonal e chak biwo reyjonal kouvri eta ki espesifik. Ou gendwa voye plent yo nan Katye Jeneral OCR lan nan adrès ki suiv lan la:

**Office for Civil Rights  
U.S. Department of Health and Human Services 200  
Independence Avenue, SW.  
H.H.H. Building, Room 509-F  
Washington, D.C. 20201**

**Pou aprann plis:**

**Vizite nou sou entènèt nan [www.hhs.gov/ocr](http://www.hhs.gov/ocr)  
Rele nou gratis nan 1-800-368-1019  
Ekri nou imèl: [ocrmail@hhs.gov](mailto:ocrmail@hhs.gov)  
TDD: 1-800-537-7697**

Gen sèvis asistans lengwistik pou zafè OCR ki disponib epi yo bay yo gratis. Sèvis OCR yo aksesib ak moun ki gen andikap.

**[www.hhs.gov/ocr](http://www.hhs.gov/ocr)**